ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№218 (21.626) ● 2009 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 19, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомы 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Узыншагъэр хъумэным, щІыхухэр гуэзвэгъуэхэм пэІэщІэ щІыным топсэлъыхь

Республикэм и Парламентым и зэІуІуэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу парламентархэр едэІуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынышагъэр хъумэныным ГъэрхъумэнымкІэ и министр Вишу Вадим «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынышагъэр хъумэным зыщеГъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр гъэзэщІа зэрыхъум теухуауэ ищІа докладым.

МЫ программэм къыщыгъэльэгъуа къаІэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ лІэхэм, ныкъуэдыкъуэ хъухэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр, анэхэмрэ сабийхэмрэ я узыншагъэр хъумэныр, эпидемиологие щытыкІэр егъэфІэкІуэныр, щІыхухэм я ГъэрхъумэныгъэмкІэ къыщыгъэльэгъуэныр. Абы хеубыдэ «Социальнэ узыфэхэр зыпкъыр сымаджэхэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэщыныр», «Анэмрэ сабийм я узыншагъэр», «Узыншагъэр хъумэнымкІэ къырал, муниципальнэ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыныр» программэ къуэдзэр.

Мы программэр къызэращтэрэ хуэдищкІэ нэхъыбэ хъущ жьэн узым еІэзэным трагъэкІуадэ ахъшэр. Абы къыхэкІыу, жьэн узыр зэфыкІэр иджыри мымащІэми, апхуэдэ сымаджэхэм еІэзэ Іуэхущ Іапіэхэр хущхъуэкІэ тэмэму къызэрагъэпэщу зэрыхуежьам къыхэкІыу, а узыфэм иІыкІхэм я бжыгъэм нэрылъагъуу кІэрыхуащ (2007 гъэм - процент 11,4-рэ, 2009 гъэм - процент 7,9-рэ).

Министрым зэрыжиІамкІэ, ахъшэу хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ трагъэкІуадэу щІадзащ «Психиатрие дэІэпыкъуныгъэм зегъэужьынымкІэ гъэтІыльыпІэ зимыІэ Іуэхухэр», «КБР-м и цІыхухэм ират онкологие дэІэпыкъуныгъэм зегъэужьынымкІэ лэжьыпхъэхэр», «Фошыгъу диабет» программэ къуэдзэхэр гъэзэщІэным. Апхуэдэу нэрылъагъуу ефІэкІуащ «Вакцинопрофилактикэ» лэжьыгъэр финансэмкІэ къызэрызэрагъэпэщыр. 2007 гъэм иммунобиологие хущхъуэгъуэхэм сом мин 839,4-рэ трагъэкІуэдамэ, дызэрыт илъэсым абы хухахащ сом мелуани 3-рэ мин 300-рэ. А ахъшэмкІэ кІащхъу уз зэрыцІалэ нэхъ шынагъуэу Іьэпкъ программэм къыщымыгъэльэгъуахэр кьемыуэлІэн папщІэ цІыхухэм халъхь вакцинэхэр. Іьэпкъ программэм хиубыдэ уз зэрыцІалэхэр къэмыхьеин папщІэ хэлъхьэныр хущхъуэм теКІуэдзэу ахъшэр Урысей Федерацэм и бюджетым щхьэхуэу щыхухах. Абы и нэхъкІэ 2009 гъэм республикэм иммунобиологие хущхъуэгъуэу сом мелуан 30-м щІигъу и уасэ кьыІэрыхьащ.

Псом хуэмыдэу мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхухэм ящыщу Бицу Вадим къыхигъащІ «Анэмрэ сабийм я узыншагъэр» программэ къуэдзэр гъэзэщІэным трагъэкІуадэ ахъшэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Абы и фІыщІкІэ сабий къальхъуагъащІэхэм ящыщу 1000 хэс тещІыхьауэ лІэжьхэр 2008 гъэм иригъыбзэу процент 46-кІэ нэхъ мащІэ хьІущ. 2009 гъэм и ятІонэрэ мазибгъуэм а бжыгъэм зихъуэжакъым. Кьалъхуэкъэм проценти 5,2-рэ къахэхъуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, 2009 гъэм щыщу блокІа мази 10-м республикэм сабий 1044-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ сабий 288-кІэ нэхъыбэ, къыщалъхуащ.

«Узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхущ Іапіэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыныр» программэ къуэдзэр гъэзэщІэным хиубыдэу медицинэ Іэмэпсымэхэр къащхуэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къигъэуваауэ щыта пщэрылъхэм къызэрыщыгъэльэгъуэм хуэдэу. Министрым къигъэлъагъуащ мы лэжьыгъэм хиубыдэу 2010 гъэм зэфІэгъэкІыну я мурадхэр. Абы хэм ящыщу республикэм щыІэ лъхуапІэхэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрэпэщыныр, сабийхэмрэ цІыхубзхэмрэ ират медицинэ дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэныр, фадэмрэ наркотикхэмрэ цІыхухэр емыгъэтхьэкъуныр хуэунэтІа Іуэхухэр, нэгъэщІэхэри. КъБР-м и Президентым я пщэ къыззэрырилъхьам теуту, узыншагъэр хъумэнымкІэ муниципальнэ Іуэхущ Іапіэхэр нэсу зэгъэпэщыныжьмэ тра-гъэкІуэдэн папщІэ республикэ бюджетым сом мелуани 120-рэ къыхагъэкІынущ.

Доклад зыщІам жэуапхэр иратащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іуэхущ Іапіэхэм, комитетхэм я унафэщІхэр зыщІэупщІащ. Къашцтэмэ, гриппыр къэмыхьеин папщІэ иджыпсту къагъэсэбэн хущхъуэгъуэхэр зыхуэдэм теухуауэ абы къыхигъэщащ А/Н1N1 пІэхъыбгъэгъуэ къемыуэлІэн папщІэ къагъэсэбэнымэ вакцинэр иджыри республикэм къызэрыІэрымыхьар, зэкІэ халъхьэр бжыгъэ-щІымахуэ лъэхъэнэм къэхъеИ гриппым зэрыпащІэт хущхъуэгъуэ арауэ зэрыщытыр. Министрым быдэу жиІащ, тэмакъ уз-вирус узыфэр зыпкърыхьахэм я бжыгъэр тІэкІу нэхъыбэ хъуами, эпидемиологие щытыкІэ тІкІим республикэр зэрыпэмысар. А/Н1N1 гриппым папщІэ къыщІагъэкІ вакцинэм и гугъу пщІымэ, ар иджыпсту апхуэдэ узыфэ къыщыхъеяр, щІыхь щхьэхуэхэр щылыкІа щІыналъхэхэм яшэ. Нэхъ иужькІэ республикэм вакцинэ хэхьыгъэгъуэ мин 212-рэ къыІэрыхьэнущ, фІэкІыпІэ имыІэу а хущхъуэгъуэр зрахьэлІэн хуей щІыху гупхэм папщІэ. Апхуэдэу Бицу Вадим жиІащ А/Н1N1 гриппым республикэм щысэухэм ящыщу щІыхуитІым кьеуэлІауэ зэрыщытар, ауэ ахэр зэрыхъужар.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

●Дыгъуасэ

Къапэщытхэр ягъэбелджылы

«Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэщ лъапІэкъыфІхэр къагъэхъуныр щІ биотехнологиемкІэ и Іуэхущ Іапіэ» ОАО-м дыгъуасэ зэІуІуэ щыІэхэтащ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ и комитетымрэ республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ я Іуэхущ Іапіэхэм, мэкъумэщ предприятэхэм я унафэщІхэр, зоотехник-селекционерхэр, техник-осеменаторхэр, КъБКъМА-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ къэхутакІуэ институтым щыщ еджагъэшІхэуэхэр, Іэщ ІагъэлІхэр.

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІыр зехьэнымкІэ и комитетым и унафэщІ ЛІыхъуГу Хьэжмурид иригъэкІуэкІа зэІуІуэм зэпкрыхауэ щытепсэльыхьащ республикэм Іэщ гъэхъуныр къыщыдэхыжьнымрэ а Іэнатіэм зыщегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр, зыхуэдэмрэ.

ЗыхэпІа Іуэхугъуэм теуауа унафэ къащта нэужь, КБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр **Ерчэн Темболэт** нэхъ лэжьыгъэфІ зиІэ Іэщ Іагъэлъ 10-м жэмхэр Іэрыщ Іу псэф зэращІ лабораторэхэр зыхэт яГъэІэпхъуэ я автомашинэхэм я Іунк Іыбзэ Іуххэр яритащ,

Зэ Іуэщ Іэм хэтащ республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ **Бозий Натбий.**

МЫСОСТ Алий.

●Щэныгъэ

Дэтхэнэ зым и дэжкІи

Щэнэнкъэрадпедагогикэинститутым «Бзэмрэ школымрэ» зи щІэныгъэ-практикэ конференциякІуэкІащ.

АБЫ КЪЕБЛЭГЪАТ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, егъэджэныгъэм кІэлъыплъ ныкъуэ Федерацэм къыщыкъум и лэжьакІуэхэр, нэгъэщІ куэдм.

Анэдэлхъубзэр, урысыбзэр, хамэкъэрадлыбзэхэр сабийхэм къатемыкъэлъэу зэрырагъэджыфыну щІыкІэр убзыхуным, методикэ чэнджэщ зэрыт тхылъ кьыдэкІаІэхэм я фІагьыр къэхутэным теухуат мы зэІуІуэщІэр. Абы щІыху 250-м нэс хэтащ. Ар щыхьэт тохьуэ кьаІэта Іуэхум мыхьэнэщхуэ зэриІэм.

КъБР-м и дІыкІуэу мы зэІуІуэщІэм хэтащ КъБКъУ-м пэщІэдзэ щІэныгъэ сабийм егъэгъуэтынымкІэ кафедрэм и унафэщІ Зэгъэщокъуэ Хьисэ, КъБКъУ-м урысыбзэр егъэджэнымкІэ методикэ кафедрэм и унафэщІ Шынтыкъуэ Иринэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм адыгэбзэмкІэ и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэ Балэ Людмилэ.

Зэ Іуэщ Іэм щытепсэльыхьахэщ сабийм и бзэр ныкъуэ мыкъуу, анэдэлхъубзэр егъэщІэныныр, урысыбзэр пэщІдзэ классхэм зэрыщыгадэжьмрэ хэлъ гугъуехьхэм, дэтхэнэ зы льэпкъым и бзэр ихъумэжьмыкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. Мы конференцым зэхуэдэ методдистхэр, егъэджакІуэхэр зэчэнджэщ икІи щэч хэлъхьам ар дэтхэнэ зым и дежкІи зэІуІуэ щІэныгъэ ящыІэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэр.

●Щэрэдж куей

Псы зэрыжэ бжьамийуэ километри 9 яукъуэдий

Щэрэдж районымпсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и Іэнатіэр ильэс Іэджэ льандзрэ зыпэщІэт гугъуехь нэхъыщхьэхэр къызыщэр псыр зэрызекІуэ бжьамийхэр жьы зэрыкъуарщ. Иджы я Іуэхур яГъэзэкІуэжу щІадзащ республикэ бюджетым къыхэкІыу ахъшэ къызэрыратам и фІыщІэкІэ.

2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыкъуэгъэхьэзырыныжьмкІэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу псы зэрикІуэ бжьамийхэр щыІэ-рахьэлІащ Зэрэгъыж, Безенги, Балъкъэр Ипщэ, Джэрпэджэж, Жэмтхьэлэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ кьуажэхэм. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыиагъэхьэлэгъащ Іуащ Іуджэр къуажэмрэ Къэщокъэтау поселкэмрэ. Мыгувэу щІадзэнурэ бжьамийхэр щыІэзэрахъуэжыныщ Бабугент къуажэмри. А лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ «2002-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм реформэ щегъэжьыкІыныр» ар къэзгъэзэрэщІэжьыныр» программэм хиубыдэу 2009 гъэм къыхуаутІыпщащ сом мелуани 10-мкІэ.

МЕЧИЕВ Хьэят.

●Политикэ партхэм

Петербург макІуэ

2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и XI съездыр. Абы и лэжьыгъэм хэтынущ лІыкІэ 600-м щІигъу, хьэщІэхэу 2000 нэхъ нэхъыбэ. ЗэІуІэшхэм ирихьэлІэнущ Федерацэмкіэ Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, властым и федеральнэ органхэм я лІыкІуэхэр, УФ-м и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, хамэ къэрал Іэщ Іагъэлі хэр, жылагъуэ лъэкІуэ цІэрыІуэхэр.

СЪЕЗДЫМ кьыщащитэжьынущ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным тещІыхьа парт проектхэр гъэзэщІа зэрыхъуам кьрикІуэхэр. Абы апхуэдэу щытепсэльыхьынущ къэралым щыщІэ социально-экономикэ щытыкІэм икІи дунейпсо финанс кризисым и Іуэхьэхэр гъэкІуэдыжьын, парламентым нэхъыбапІэр щызыІыгъэ партым кьыпэщыт кьалэнхэр гъэзэщІэн папщІэ лэжьыпхъэхэр щызэхальхьынущ.

Къызэхуэсахэм гульытэшхуэ хуащІынущ партым и Программэмрэ Уставымрэ хальхьэну зэхуэдэжьныгъэхэм. А псомэ куууэ щытепсэльыхьащ партым щІыналъэхэм щІэ и кьудамэхэм.

Съездым щыхахынущ «Зыуэ щыт Урысейм» и Совет Нэхъыщхьэм хэтынущэр (зэрыхаха пІалъэр мы гъэм икІахэм я пІэкІэ). ЗэІуІэшхэм доклад нэхъыщхьэ щищІынущ «Зыуэ щыт Урысейм» и унафэщІ, УФ-м и премьер-министр Путин Владимир.

ИпэІуэкІэ, щэкІуэгъуэм и 20-м, цІыхубз информацэм и щІыналъэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэмрэ лІыкІуэхэмрэ V Медиафорумым щызэхуэсынущ. Я мурадщ партым, гъэзэщІакІуэ властым я унафэщІхэр, политолог, экономист щІэрыІуэхэр щызэпсэльэн «стІол хьурейхэр» кьыззрагъэпэщыну.

Съездыр кьызэІуахын и пэкІэ екІуэкІынущ «Кризисым и льэхъэнэм партхэм я пщэ дэль социальнэ жэуапІныныгъэр» дунейпсо щІэныгъэ-практикэ зэІуІэр.

Іуэхуэхэм хэтынущ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Совет нэхъыщхьэм и унафэщІ Грызлов Борис, партым и Генеральнэ советым и президиумым и секретарым дунейпсо политикэмрэ парт щыІэ зэпыщІэныгъэхэм пыщІа Іуэхуэхэм кІэ и кьуэдзэ Косачев Константин, хамэ къэрал лІыкІуэхэм ящыщу цІыху 30-м щІигъу.

Апхуэдэу я мурадщ «Зыуэ щыт Урысеймрэ» нэгъэщІ къэрал партхэмрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу съездым кІуэнущ цІыху 12 хэтщ: щІыналъэ Политсоветым и секретарь Жаным Руслан, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий, Политсоветым и секретарым и унафэщІ Жамборэ Владимир, КБР-м и Парламентым и УнафэщІ Чеченов Анубар, абы и кьуэдзэ Саенкэ Татьянэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, Прохладнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Гертер Иван, партым и Налшык къэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Ахаевэ Фаинэ, «Зыуэ щыт Урысейм» и «Щ1ыбзэщІэ гвардие» жылагъуэ зэгуухьэныгъэм и щІыналъэ штабым и унафэщІ Геккиев Сультан сымэ. Партым и Уставым ипкъ иткІэ, съездым и лІыкІуэхэщ «Зыуэ щыт Урысейм» и Совет Н эхьащхьэм хэт, ди щІыналъэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсенэр партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академиемрэ и ректор Жэрыкъуэ Борисрэ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Абхъазыр СНГ-м хагъэхьэну?

АБХЪАЗ. *Урысей Федерацэм и журналистхэм иджыблагъэ интервью щыритым республикэм и президент Бэгъэлтиз Сергей жиІащ Абхъазыр СНГ-м хьихьэнкІэ, УФ-м, Белоруссием, Абхъазым, Осетие Ипщэм зэгуэусу кьэралыгъуэ зэкьуэт кьыззрагъэпэщынкІэ зэрыхьунур.*

- А бхъазыр и щхьэ хуитыж кьэралыгъуэ щхьэхуэу нэгъуэщІ кьэралхэм кьызэралъытэным дытелэжьыхь эпытІ, абы кьыдэкІуэри шынагъуэншагъэр республикэм щыдогъэбыдэ, - кьыхигъащІ Бэгъэлтіз Сергей.

НыкъуэдыкъуэхэмкІэ совет

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм кьызэриІэтамкІэ, КъШР-м и унафэщІым и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэхмкіэ совет иджыблагъэ кьыщызэрагъэпэщащ.*

КъШР-м и президентым и деж щылэжьэну Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэхмкіэ советым и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу щытынур ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр егъэгъуэтыныр, абыхэм ехьэлІа республикэ программэхэр зэхэсгъэныр, нэгъэщІ Іуэхугъуэхэр кьызэрэпэщыныр. Апхуэдэуи советым кьыпщІитэщ ныкъуэдыкъуэхэм ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ гъэкьыгъэхэм кьарикІуэхэр, ахэр егъэфІэкІуэным теуха Іэмалыщ Іэхэри кьыхилъхьэнущ.

Автомашинэ лІэужьыгъуэщІэ

Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ «Derways» заводым кьыщыщІагъэкІынущ Китайм и «Geely МК» автомашинэ псынщІэхэр икІи абыхэм я уасэр процентти 7-12-кІэ хэхьэнущ.

«Geely МК» нэхъ мащІэ дыдэу сом мин 269-рэ и уасэщ. Иджыпсту заводым кьыщІэкІыр «Lifan 620» автомашинэ псынщІэ лІэужьыгъуэхэрщ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

●Мэй куей

Сымаджэщыр зэрагъэпэщыж

Мэй куейм и сымаджэщым хирургиемкІэ, уз зэрыщІалэхэмкІэ и къудамэхэр, сабий поликлиникэр зэрагъэпэщыжащ. «Узыншагъэм ЪъэпкъпроектымкІэ щІыбыдэу зэфІагъэкІа Іуэхущ мыр.

СЫМАДЖЭЩЫР иджырей мардэхэм тету зыхуей хуагъэзащ, унэльащІэхэр екІуу щІагъэувэжащ. Сыр и льэныкъуэкІи зэгъэзэщІа хъуа сымаджэщым нобэ къекІуалІэр Май районым щыпсэухэм я закъуэкъым, атІэ дэтхэнэ зы медицинэ Іэхутхъьобзэри мыбы щызэфІагъэкІмэ нэхъ кьащІэ тІупэгъэну куейм и къэрыкъуэщІэхэм, предприятэ щхьэхуэхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэр.

Властым и афиянзехьэхэр

- Наркотик зэрыхьэлІэхэр щІыхуэ гъэнэгъу хуэщІ хьэщхьэкым. Апхуэдэм уеблэдэ властым и Іэнатіэхэри, - ящэрпІащ ___ журналистхэм Томск щылъалъэм и губернатор Кресс Виктор.

НАРКОТИКЫМ еБэныныкІэ къэрал комитетым (ГАК) и унафэщІ, наркотикыр зэгъэжьІуэкІыныкІэ Іьэпкъ Федерацэм Іуэхущ Іапіэм (ФСКН) и Іэтащхьэ Иванов Виктор Томск щригъэкІуэкІащ Урысейм и интеллект кьаурр афияным щыхьэмэныр техуэуа зэІуІэ. Абы зэрыжиІэмкІэ, зи унафэщІ Іуэхущ Іапіэм ГъэжьаІэ ув пэомя я узыншагъэр кьапщытэ, наркотик зрихьэлІэрэ абы пэІэщІэрэ зэхагъэкІыу. Томск кьалэм и Іэтащхьэу щыта, и кьулыкъуэр кьигъэсэбэнурэ щІэпхьаджагъэ куэд зыІэжьа Макаров Александр афиян зэрихьауэ я зэхьэкъуанщІэ. Абы и унэм а щхьэхьым хуэдэу грамм 300 кьыщагъэтрі, уголовнэ Іуэху кьыхуаІэтащ. Урысейм и кьэрал кьулыкъущІхэм афиян зэхьэхэлІэ яхэтрэ яхэмытрэ иджыри къэзыми кьыхухатакъым.

И ныбжьэгъум дежь...

Курдым и Президент Саакашвили Михаил дыгъуасэ кьэрал Іуэхукіэ Украинэм кІуащ.

АР АБЫ щыІэнущ щэкІуэгъуэм и 20 хьуху. Саакашвили Іущ Іэнущ Украинэм и Президент Ющенко Виктор, абы щекІуэкІыну хьэрычэтыщІэ формым хэтынущ, уеблэмэ а зэхьэхэм кьыщщыпсэльынри и мурадщ. КьыщынэмыщІауэ, ар хэтынущ Курджым и Посольствэ Киев кьыщыІэтахым иращІылІэ гуфІэгъэ пшыхьми.

Курджымрэ Украинэмрэ кьхъухьльатэкІэ зэпыщІауэ щытыным теухуауэ правительствэхэм я зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзынущ, нэгъэщІ Іуэхугъуэ щабжанэхэмкІэ и Ющенкэрэ Саакашвилирэ зэгурыІуэну я гугъэщ.

США-м зихъуэжкъым

Ираным и президент Ахмадинежад Мэлъкъэт къельытэ и льэсиищІ бжыгъэкІэ Исраиль Республикэм хуэзыгъэІуэ США-м и иубыдуэхэр политикэр Обамэ Барак хуэмыхъуэжыну.

- США-р нобэ апхуэдэу лъэрыгъэхьжкым, нэхъ лъэрымыхь зэрыхьунуми хущІокъуэр, - жеІэ Ахмадинежад.

Ираным екъэІа санкцІэхэр США-м къищтат 1979 гъэм. Абы гъэкъэ щыпащ. А санкцІэхэр зэрылажьэ пІалъэм иджыри кьыпащэным щІэлъэІуу, Барак Обамэ тхыгъэкІэ зыхуэпщащІ США-м и Конгресым. 1981 гъэм ахэр зягъэкІуэдыжьыным ущызыгъэгугъ зэгурыІуныгъэ кьуэдзэ ІыпІэм зэращІылат, ауэ Обамэ 2009 гъэм кьыпытащ а зэгурыІуныгъэр Ираным имыгъэхащІу.

США-м и санкцІэхэм кьыщынэмыщІа, Ираным хуэунэтІа дунейпсо санкцІэхэри щыІэщ.

Журтхэр жаІам тетыжкъым

ООН-м Генеральнэ и секретарь Пан Ги Мун зыкІи къемыгъэшу кьылытащ Палестинэм и щІыналъэу нубыдам уиз зэтетхэр щыхуэну Израильым зэрыщІндзэр.

АБЫ и Правительствэм ухуакІуэхэр зэчат ищІащ яубыда щІым фэтэрэ 4-5-уз зэхэтуну 900 щащІыну. Иордан щІыналъэмкІэ Іуфэр журтхэм 1967 гъэм зыІэрагъэхащ зауэкІэ. Нобэр кьыздэсми палестинхэр араща зыщІэззэур. Иужьрей ухуэныгъэщІэхэр пэщІоувэ кьайгъэр зытезыгъэувыІэн хуей «Гъэгу картэр дунейпсо щІыналъэм. Ар зэхальхьат Урысей Федерацэм, США-м, ООН-м, Евросоюзым. Палестинхэми журтхэми я унафэщІхэм кьалэн зыщащІыжат а планыр яГъэзэщІэну.

Нобэ

♦ Урысейм и ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ
♦ Гутын ефэныр хьифдзэным и дунейпсо махуэщ
♦ Философием и дунейпсо махуэщ
♦ Абджъэжь промышленностым и лэжьакІуэхэм я махуэщ
♦ 1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ кьащтащ.
♦ 1942 гъэм Новэ-Ивановскэ къуажэм (КЪР) щхьэпылъэщащІащ партизанкІэ **Козуб Шуро.**
♦ 2008 гъэм **Мэз Карийр** Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзаджэр Тянь-Шань и щыгум щигъуащ (метр 7010-рэ зи льагаІэм).
♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-р дакьикьи 4-м, кьухьажьнущ сыхьэт 16-р дакьикьэ 39-м.**
♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 35-рэ.**

ПІалъэр зыхьхьэзэрыр ГъУЩІО Зарифат.

Изрэ ныкъуэрэ зэрыщІэкъым.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ льапІэхэ!

Гу лъытэдгъэтэну дыхуейщ 2010 гъэм и ятІонэрэ кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІым.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлъейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щІедзэзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ цІыху псэуп папщІэ 2009 гъэм и III мазищым нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр гъэтІылъыну и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ

2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м №281-ІІП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуп папщІэ цІыхухэр нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лжжыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, кьызэрыхильхьам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуп 2009 гъэм и III мазищым нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр ящІэкІуэу цІыху псоми я тещІыхьауэ сом 3797-рэ, лжжэгъуэ ныбжьым итхэм ятещІыхьауэ сом 4046-рэ, пенсионерхэм ятещІыхьауэ сом 3001-рэ, сабийхэм ятещІыхьауэ сом 3636-рэ хьууэ гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
МЕРКУЛОВ Александр.

Шэрэдж районым псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и Іэнатіэр ильэс Іэджэ льандзрэ зыпэщІэт гугъуехь нэхъыщхьэхэр къызыщэр псыр зэрызекІуэ бжьамийхэр жьы зэрыкъуарщ. Иджы я Іуэхур яГъэзэкІуэжу щІадзащ республикэ бюджетым къыхэкІыу ахъшэ къызэрыратам и фІыщІэкІэ.

2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыкъуэгъэхьэзырыныжьмкІэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу псы зэрикІуэ бжьамийхэр щыІэ-рахьэлІащ Зэрэгъыж, Безенги, Балъкъэр Ипщэ, Джэрпэджэж, Жэмтхьэлэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ кьуажэхэм. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыиагъэхьэлэгъащ Іуащ Іуджэр къуажэмрэ Къэщокъэтау поселкэмрэ. Мыгувэу щІадзэнурэ бжьамийхэр щыІэзэрахъуэжыныщ Бабугент къуажэмри. А лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ «2002-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм реформэ щегъэжьыкІыныр» ар къэзгъэзэрэщІэжьыныр» программэм хиубыдэу 2009 гъэм къыхуаутІыпщащ сом мелуани 10-мкІэ.

МЕЧИЕВ Хьэят.

●Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Парламентым и Унэм щэкІуэгъуэм и 25-м сыхьэти 10.00-м щекІуэкІынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм хиубыдэ гъэгугъэм щынагъуэнщэу щызекІуэным пыщІа Іуэхуэхэмрэ ахэр щыхухэм кьаазэрыгурыІуэапхъэ щІыкІэхэмрэ» конференцыр.

Мы Іуэхум теухуауэ кьыхэфІхьэну фызыхуейкІэр хуеягъэхь хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Промышленностымкіэ, гъэзэгъэхэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и комитетым.

Адресыр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55.
Телефонхэр: 42-64-60, 40-42-19.

ДУНЕЙМ И ПОЛЪЫГЪАЛЭР

Узыншагъэр хъумэным, цIыхухэр гуэзэвэгъуэхэм пэIащIэ щIыным топсэлъыхь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Депутатхэр щIэупщIащ хущхъуэхэм я уасэхэр зыхуэдэм зэрыкIэлъыплъым. Доклад зыщIам абы теухуауэ къыхигъэщащ прокуратурэм, антимонопольнэ комитетым, тарифхэмрэ уасэхэр гъэувыныжкIэ къэрал комитетым ящIыгъуу министерствэм и Iэпыкlуэхэр а Iэхуэм зэпымыууэ зэрыкIэлъыплъыр, уасэхэр зэрагъэувыр къэзыщIыгъэ комиссэ щхьэхуэ кIыхьэрагъэпэщыну зэрамурадыр. Ауэ хущхъуэхэм я уасэхэр хэзыгъаныкъуэ фармацевтикэм пIащIэ дилер нэхъыбэ-хьэхэрщ икIи а Iэнатlэм къэралыгъуэ апщынэ щIыпхъэ-быныжкIэ закон гъэбжьыкъэ зэкIэ щIыжьым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым хэтхыжь КъБР-м узыншагъэр хъумэныжь и министр Бицу Вадим ищIа докладыр кIэлъыстащ икIи КъБР-м и Правительствэм хузэгъэзэ чэнджещ пыухыкIахэр кIащтащ. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзэр «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хъумэныр щегъэжьфIэкIуэныр» республикэ программмэ хэхар гъэзэщIэн гъэгъэкIуэда ахъшэр Iэмал эзэрилэжьэ щынырщ. Апхуэдэу депутатхэм кагъэльэгъуащ медицинэм и Iуэхущ Iапlэхэр, цIыхухэр хущхъуэжьэ кIэ щыгъэзэрыгъэпащэр егъэфIэкIуэным, вакцинэхэр и зэманым къаэзрыIэрыхьэмрэ къызэрагъэсэбэпымрэ кIэлъыплъыным Iуэхущ Iапlэхэр и рагъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуэйр.

Етlуанэ Iуэхум - къызэрымыкIуу щытыкIэхэм кхъхь щынагъуэхэм цIыхухэр ящыхъумэным - тетхуэдуэ Президиумым и зэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэмкlэ, къызэрымыкIуу щытыкIэхэмкIэ, къэхуэ гъэзэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэ Iуэхущ Iапlэ Шагин Сергей. Абы къыхигъэщыжьхуэкIащ граждан зыхъумэжьныгъэм, цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ къызэрымыкIуу щытыкIэхэм ящыхъумэным, мафIэсхэм пэщIэтыным, цIыхухэр псым хэмыкIуэдэным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэупщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр щIыналъэхэмрэ щIыналъэхэм я щIыгъуэ къэхъуэжьыкIэ хъуну къызэрымыкIуу щытыкIэхэр къэзыщIэтыр щIыналъэ системэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и паспорт зэхалъхьащ, апхуэдэу муниципальнэ щIыналъэхэмрэ щIыналъэ къуэрыкIэ хъуну къызэрымыкIуу щытыкIэхэр къэзыщIэтэ щIыналъэ системэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и программмэ хэхар гъэзэщIэн зэрыщIыгъуу ящыхъумэным, ящыгъуэ ящыгъуэ зэрыщIэтыр, щIыналъэхэмрэ щIыналъэ къуэрыкIэ хъуну щIыпIэ-зэрыщIэтыр, абыхэм ящыщ докладыр кIэлъыстащ икIи КъБР-м и Правительствэм хузэгъэзэ чэнджещ пыухыкIахэр кIащтащ. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзэр «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хъумэныр щегъэжьфIэкIуэныр» республикэ программмэ хэхар гъэзэщIэн гъэгъэкIуэда ахъшэр Iэмал эзэрилэжьэ щынырщ. Апхуэдэу депутатхэм кагъэльэгъуащ медицинэм и Iуэхущ Iапlэхэр, цIыхухэр хущхъуэжьэ кIэ щыгъэзэрыгъэрагъэпащэр егъэфIэкIуэным, вакцинэхэр и зэманым къаэзрыIэрыхьэмрэ къызэрагъэсэбэпымрэ кIэлъыплъыным Iуэхущ Iапlэхэр и рагъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуэйр.

Етlуанэ Iуэхум - къызэрымыкIуу щытыкIэхэм кхъхь щынагъуэхэм цIыхухэр ящыхъумэным - тетхуэдуэ Президиумым и зэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэмкlэ, къызэрымыкIуу щытыкIэхэмкIэ, къэхуэ гъэзэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэ Iуэхущ Iапlэ Шагин Сергей ищIа докладыр. Абы ипкъ иткIэ КъБР-м и Правительствэм чэнджещ иратащ. «МафIэсхэмкIэ щынагъуэншагъэ щымыIэным хуэунэтIауэ кIагъуэрэ щынагъуэ кхъэуэ щыIэ щIыналъэхэмрэ щIыналъэ къуэрыкIэ хъуну къызэрымыкIуу щытыкIэхэр къэзыщIэтыр щIыналъэ системэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым кIалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацIэхэм я Iэтащ: хьэхэм чэнджещ ящтащ щIыуэпсым и щытыкIэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ пIащIэу къэхъу гъэзэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьыкIэ кIагъэсэбэпыну ящыхъумэным.

А ныкъуэсанигъэр ягъэзэкIуэжьнэ папщIэ республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм

Щыгъэщ цIыхухэр зэ фIэкIа хуэумызами, и нэгум ящыгуапагъэм, и зыIутыкIэм, и щIыпкъэ Iуэрыгъэм и Iэмрэ щIэпсалъэхэм хуэдэу уэзэщащэу у. Апхуэдэщ еджагъэшхэу Ашэбокъуэ Вениамин. Ар илъэс куэд щIауэ зэрыс щIыхьэр, и щIыфIыфIэм сыздэрыщIыгъуэзэр къызэрысэбэпу жысIэфынущ: Леонид бдзышэ хьэлэл ефа цIыхуэ, абы и гупсысэрэ, и Iуэхущ-фэрэ зыхуэгъэзар щы щIэныкъ, къэзылъхуа и лъэпкъым, и адэжь хэкум хуэлэжьэнырщ.

ЛЕОНИД кIыхьыхьуэр еджагъэшхэу, тхакIуэ, уэсакIуэ цIэрыIуэ куэд щалъхуа Ашубджэр къуажэм, и республикэм и жылэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыирщ. И сабиитыгъуэ ящыгъуэ зыкIэжькIэ, ар кIонэщхьыфIэ и ныбжьэгъу цIыкIухэм ящыгъуу пхъэщхьэмщыжькIэ кьулей я мэзым, Шэрэдж Iуфэ щигъэкIуа зэманым и нэгум кьэщIокIхьэкрэ, зэми кьонэщхьей, и адэр зауэм хэкIуадэ у, и анэри пасэ дыдэу Iэщlэжьыу зеиншу кьызэрынам и гупсысэр зэуокIуэжьрэ...

- Адэшыпхъуфl, анэшыпхъу гумащIэ сиIащ, - жеIэ Леонид, - зыр Щхьэлыкъуэ, адрейр Аруан кьуажэ дзэущ. Зауэ нэужь зэман хьэлъхэм а цIыхубэитIым зэрэпхъу-зэрэщыпхъухэм кьытхуащар нобэми сигу ихужрыкъ. Си адэшыпхъур Щхьэлыкъуэ кьикIыуэ Аушыджэр нэс накIуэрт зэрэпхъудауэ щыта щыIэныр, фэтыджэнэр, нэгъэщI дыдэу хуэныкъуэхэр нытхуихьурэ. Ауэ псом хузмыдэу игъащIэкIэ сщымыгъупщну, ямыгелыу сигу кьынар си щыIэныкIэ щымы и щхьэгъуэ, Бардзанэкъ ящхьу Жухьэрэтщ. Ар сыс сабийуэ нытхыкIэри анэ папщIэу кьыщцыхьащытащ. Ешым щIалилI игъэтат, абыхэм срашынэхьхьжьу фIэжьа цIыхум ямыщIу сиIащ. Куэдрэ сигу кьокIыж 1970 гъэм щымахуэ гуаеу диссертацIэр щыпхъэшыжьи щыгъуэ си щыIэныкIэмкIэ щыгъуу ар Мэхкуу нэкIуэу зэрыщытар. Абы хуэдэ цIыху псэ кьабзэ, цIыху тельыджэ куэд иджы щыIэжу си фIэщ хьурккъым.

НыбжьыщIэр тхылъым дихьэхыными зыщIригъэхьными нэхъыбэу зэлъытар егъэзакIуэрауэ кьыщIэкIынщ. Абы и лъэныкъуэкIэ я кIэн кьинат ауыпсэрэрдзэ школакIуэхэм: гурэ псэкIэ зи Iэнатlэм бгъэдэт цIыху гъуэзэджэхэт Леонид сымэ езыгъаджэхэр. Сабийм щIэныгъэ бгъэдалъхьэ къудейкIэ я кьалэныр яхуауэ я ябжьыртэкъым - адыгэ хабзэм, лэжьыгъэм зэрыщIапIыкIыным зэфIэкIыу щIэр ирахьэлIрэ, гурыгъуэ щIыгъуу кIи кьарум кьитIэсэнур ирагъащIэрт.

...Зы махуэ гуэрым еджакIуэхэр кьуажэ хьэсэм хэту щыIэ щIыгъуэ, Леонид Бэлиде. Ар зыльэгъуа Леонид абы иолъэIу «окъыз», сытегъэтIысхьэ», жеIэри. Щалэ цIыкIур мэшэсри... а махуэм иужькIэ шы фIэкIа нэкуи напIи имыIэжу кьонэ. Щколым кьаутIыпщамэ, пIалъэ кьыхимыIэжкIыу Аруан дзэ я малъхьэ Щэкъмэнэ я я зеж кIуэрт, шы зэрагъэ ящIэрти. И зыгъэпсэгуэу зэманыр, кьанэ щагъуэ щымыIэу, арат щхьэгъуэхьэ щхьэущIыр: шым тесу Iэхутхьэхьэ гурэхэр зэрыгъэрыIагъуэу, я к ум нэмысышхэ зэдлъу къэгъуэгурыкIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кънуэхэ нэужь, Ашэбокъуэр зоотехникыу ягъэкIуащ Щоджэнщыкъ и тхьдэм, шы гъэхъуныр уэрелэжьыпхъэм, абы хэпъ щхэхуэхэм теухуауэ Ашэбокъуэм тхытыIэтI кьыдигъэкIащ.

Пэкщ, нужь илъэс зыгIуащым республикэм и унафэщIхэм а Iуэхум я гупэ нэхъ зэрыкуачIэзэжкам щымыгуфIыкIыу кьанэркъым Леонид. Абы и щыхьэтщ ди Президентым и жэрдэмкIэ сом мелуанитху шы Iуэхум зэрыухахар. А мылькумкIэ ди щIэныгъэлIхэмрэ Мэзмуу щыIэ Урысейм псо щIэныгъэ-къэхутакIэ институтым и еджагъэшхуэкIэ зэущIэгъуу кьыдагъэкIащ нэхъапэм дунейм кьытехьауэ щыта томитхум и еханэр, зоотехникэр ирилажьэу.

- А тхылъыр кьыдэмыкIамэ дыхуитIэкъым адыгэш лъэпкъ щыIэу ттхыну. Абы имыхуамэ, сыт хуэдэщрэ лъэпкъыфIым хабжэркъым, паспортри хуэтхыркъым, уеблэмэ Европэ, дунейпсо зэхуэдэзэхуэмэ хэтыну хуит ящIыркъым», - жеIэ еджагъэшхуэм.

Ашэбокъуэ Леонид мэкъумэщ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. Адыгэшыр зэфIэгъэзэжкIыныкIэ советым и тхьэмадэщ. И Iэнатlэм гу итхьэшхьакIэ зэрыбгъэдэтыр кьалъытэри «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр кьыфIащащ.

Унагъуэ дахэм и нэхъыжьыр ар. И щхьэгъуэ Ларисэрэ абырэ пхъунэ зэдапIащ. Псоми - Ирини, Марини, Амиди - щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтащ, Iэнатlэ зырызи яIэщ.

Пэжыгъэщ, цIыкIуэр, адыгагъэр и гущIэгъуэ зыхуэхиха гъуэгум тетщ Ашэбокъуэр. Тетщ фIы злэжьарэт, щIэныгъэ Iуэхум нэхъыбэ хэслъьарэт жиIэу, шы гъэхъуныкъым зиужькIыжауэ и илъагъыр и хъуэпсапIэу.

МЫЗ Ахьмэд.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зи гур лъэпкъым хуэкъабзэ

•ДифI догъэлъапIэ

Здэщыпэи и Iуэхур тэмэму щыIэтеиат адыгэ щIалэм, абы кьыщынами ищхьэкIэ зэрыкIуэтэкъуэ. Ар и гупсэ, и псэр кьыхуэзэшырт, кьыхуелэрт щалъхуа и адэжь щыIэныгъэм. ЩкIи къыгъэзэжри КьБКъУ-м егъэджакIуэу у уваш. 1976 гъэм кафедрэм и унафэщIу хахри а кьулыкъым пэрытащ мэкъумэщ институтыр кьызэIуахьыжкIэ.

Леонид и гъащIэм и нэхъыбэр зытриуху ар, ноби зыхуимэнэтIыр иригьаджэ щалэрэ-гуащIэм щIэныгъэ ябгъэдалъхьэныр кьыдэкIуэу. адыгэшхэр зэгъэпэщыжьныырщ. Аращ щIэблэщIэхэр зыхуиущирти - а Iуэхум студент нэхъыбэ зэрыхишэныр, зэрыдригъэхьэхьыным хуэщIокIу. Зи лъэпкъым, зи хэкум щхьэкIэ гуузлыуэ зиIэ дэтхэн зыми хуэдэу, абы и жагъуэ мыхъу, псэкIэ зыхимышIэу кьэнакъым дунейпсом щыцIэрыIуэу щита адыгэшым и Iуэхур ящыIэ нэхъ ильэс пщыкIутху-тIощIым Iэпэдэгъэлэл, Iэщlыб зэращIар икIи ар и пIэ иришыжьын пащIэ льэиI кьигъэнакъым, ноби етIысэхэркъым. Адыгэшым и тхьдэм, шы гъэхъуныр уэрелэжьыпхъэм, абы хэпъ щхэхуэхэм теухуауэ Ашэбокъуэм тхытыIэтI кьыдигъэкIащ.

Пэкщ, нужь илъэс зыгIуащым республикэм и унафэщIхэм а Iуэхум я гупэ нэхъ зэрыкуачIэзэжкам щымыгуфIыкIыу кьанэркъым Леонид. Абы и щыхьэтщ ди Президентым и жэрдэмкIэ сом мелуанитху шы Iуэхум зэрыухахар. А мылькумкIэ ди щIэныгъэлIхэмрэ Мэзмуу щыIэ Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIэ институтым и еджагъэшхуэкIэ зэущIэгъуу кьыдагъэкIащ нэхъапэм дунейм кьытехьауэ щыта томитхум и еханэр, зоотехникэр ирилажьэу.

- А тхылъыр кьыдэмыкIамэ дыхуитIэкъым адыгэш лъэпкъ щыIэу ттхыну. Абы имыхуамэ, сыт хуэдэщрэ лъэпкъыфIым хабжэркъым, паспортри хуэтхыркъым, уеблэмэ Европэ, дунейпсо зэхуэдэзэхуэмэ хэтыну хуит ящIыркъым», - жеIэ еджагъэшхуэм.

Ашэбокъуэ Леонид мэкъумэщ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. Адыгэшыр зэфIэгъэзэжкIыныкIэ советым и тхьэмадэщ. И Iэнатlэм гу итхьэшхьакIэ зэрыбгъэдэтыр кьалъытэри «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр кьыфIащащ.

Унагъуэ дахэм и нэхъыжьыр ар. И щхьэгъуэ Ларисэрэ абырэ пхъунэ зэдапIащ. Псоми - Ирини, Марини, Амиди - щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтащ, Iэнатlэ зырызи яIэщ.

Пэжыгъэщ, цIыкIуэр, адыгагъэр и гущIэгъуэ зыхуэхиха гъуэгум тетщ Ашэбокъуэр. Тетщ фIы злэжьарэт, щIэныгъэ Iуэхум нэхъыбэ хэслъьарэт жиIэу, шы гъэхъуныкъым зиужькIыжауэ и илъагъыр и хъуэпсапIэу.

МЫЗ Ахьмэд.

•Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iуэхущ-щIэныгъэм къальхьыжьу республикэм и щIыхь-хэмрэ экономикэмрэ зэран яхуэхъуа щIэпхьаджагъэ зыбжанэ зылэжьахэр.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 17-м сыхьэт 21-рэ дакъикъ 13-м Iущхьэмахуэ районым хьыхь Адыл-Суаулым трансформатор подстанцIэ щызэтракъутащ. Сыхьэт дэкIри, «Азау - Кругозор» кIапсэ гъуэгум кьыщагъэуа IэрыщI лагъымыи и зэранкIэ 4-нэ, 5-нэ пкъохэм я зэхуакум дэль гъущI кIапсэр зэпычащ.

А махуэ дыдэм IэщIкIэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, гранатэдзкIэ еуащ Прохладнэ - Азау федеральнэ гъэзэгум тет «Азау» гъэзэгуплыырпIэм. Насыпэ Iэти, хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм я къызэрыгъэкIцIыхуэхэм ия фэбжь ягъуэтакъым.

КъБР-м щыIэ МВД-мрэ республикэм и адрей хабзэхьумэ Iуэхущ Iапlэхэмрэ зэгъэсэу щIэпхьаджащIэхэр кьалъытэу. Бзаджэщ Iэхэм кьахьа хэщIыныгъэр кьалъытэ. Жылагъуэхэр электрокъарукIэ кьызэрагъэпэщыжащ.

КъБР-м и хабзэхъумэ Iуэхущ Iапlэхэм я хъыбарегъащIэ центр.

•Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iуэхущ Iапlэхэм къальхьыжьу республикэм и щIыхь-хэмрэ экономикэмрэ зэран яхуэхъуа щIэпхьаджагъэ зыбжанэ зылэжьахэр.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 17-м сыхьэт 21-рэ дакъикъ 13-м Iущхьэмахуэ районым хьыхь Адыл-Суаулым трансформатор подстанцIэ щызэтракъутащ. Сыхьэт дэкIри, «Азау - Кругозор» кIапсэ гъуэгум кьыщагъэуа IэрыщI лагъымыи и зэранкIэ 4-нэ, 5-нэ пкъохэм я зэхуакум дэль гъущI кIапсэр зэпычащ.

А махуэ дыдэм IэщIкIэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, гранатэдзкIэ еуащ Прохладнэ - Азау федеральнэ гъэзэгум тет «Азау» гъэзэгуплыырпIэм. Насыпэ Iэти, хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм я къызэрыгъэкIцIыхуэхэм ия фэбжь ягъуэтакъым.

КъБР-м щыIэ МВД-мрэ республикэм и адрей хабзэхьумэ Iуэхущ Iапlэхэмрэ зэгъэсэу щIэпхьаджащIэхэр кьалъытэу. Бзаджэщ Iэхэм кьахьа хэщIыныгъэр кьалъытэ. Жылагъуэхэр электрокъарукIэ кьызэрагъэпэщыжащ.

КъБР-м и хабзэхъумэ Iуэхущ Iапlэхэм я хъыбарегъащIэ центр.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

•Палшык къалэ

Я къалэнхэм хагъэгъуазэ

Иужьрей илъэсым ЖКХ-м и Iэнатlэхэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм щIыхуэхэр зэрэ хабзэхэм щIэ куэд халъхьащ.

КЪАПЩГЪЭМЭ, паспортымкIэ къудамэр зыхьыхьэу щыта ЖЭК-м и пIэкIэ унэр ТСЖ-м иратыжамэ, сыт хуэдэ щIыкIэкIэ фэтэрыщIэм зэрызыщебгъэтэхьыну? Ещхьыркъабзэуи зыкъыщIебгъэтхыкIыжыни хуейщ. А Iуэхухэм щIыкIэлъаIуэхьурэ, щIыхуэхэм зэманыщхьэ яфIокIуэд. ЖЭК-хэм япIэкIэ къэунэхуа управляющэ компание, ТСЖ куэдыкIейхэм я унафэщIхэр щыгъуэзэкъыжьу зэрыщытым. Абы къыхэкIыу Налшык къалэм и щIыпIэ администрацIэм фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ управляющэ организацIэхэм я Iэтащхьэхэм папщIэ семинар-зэIущIэхэр щIэхьыгъэ къызэрегъэпэщ.

АдминистрацIэм и унафэщIым и къуэдзэ Павленко Владимир зэрыжиIамкIэ, ТСЖ-хэмрэ УК-хэмрэ я нэхъыжьхэм я къалэнщ Урысейм IэпхъуэщапхъуэхэмкIэ и Федеральнэ Iуэхущ Iапlэм и щIыналъэ къудамэм ящыгъуэзэжа. А къалэнхэр щIыуэпсыхуащ «Урысей Федерацэм и щIыналъэм зэпымыууэ щыпсэкIуэ Iэнатlэхэр зэратх, къызэрыгъэхьэ хабзэхэр гъэувыныжкIэ» Iуэхуитхьэ гъэбелджылыныжьмрэ я Iуэхущ Iэ» УФ-м и Правительствэм и Унафэм. Хабзэхэм ящIэтI ТСЖ-хэмрэ паспорт-визэ Iэнатlэхэмрэ хэхауэ зэрызэдэлэжьыну щыкIэр икIи абыхэм я щхьэхуэр Iэмал имыIэу ящыIэныр. Къызэдгъэпэщ зэIущIэхэм кьырихьэлIэ унафэщIхэм ящыщхэм я къалэнхэр я Iуэхущ Iафэм зэрыхьыжьр къыщыщIэр ди дежщ. Абы теухуа гъэжьагъэм иджыри пытщэнщ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

•Тэрч куэй

ХэкIыпIэхэр щыIэщ

Джыдахьстэнэйм гулъытэ щхьэхуэ щыхуащIынущ гъуэгу фэбжьхэр къэмыгъэхъунэм. Абы папщIэ зэфIагъэкIынхэм ящыщу иджыблагъэ Тэрч къалэм и уэрамхэм светофор 6 щIэуэ щагъэуващ.

КЪУЭХЭГЪЭЩIПХЪЭЩ мы куейм щызекIуэ транспорт бжыгъэм кIуэ пэмми зэрыхъуэр. Район унафэщIхэм къызэралытэмкIэ, щыналъуэ кьащIэ махуэ къэс нэхьыс 14 - 15 щатх кьалэ ЗАГС-м къекIуалIэхэм хабзэр кьыщэпызыуд мымащIэу кьаэзрыхэкIым.

Куэду зэгъуэзу, зэрыгъэкIийуэ уэрамхэм ирижъ машинэхэм цIыхухэр гугъу ирамыгъэхьу пхужьыIэнукъым. Урысейм и кьалэ нэхъ инхэм апхуэдэ нэчыхь тхыкIэхэр зэрыщамыдэжьр икIи абы ехьалIа хабзэ тIкIийэр кьыщэрыщащтар дощIэ. Тэрч районым и администрацIэмэ унафэ кьыщтащ зэрыща къуажэдэс ныбжьыщIэхэм я нэчыщэр ящыкIэр сэу жылагъуэхэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэхэм щыхуатхьыжьын хуейуэ. Абы папщIэ Тэрч кьалэ ЗАГС-м и лэжьакIуэхэр ираджэн хуей кьудейуэ араш. Апхуэдэ унафэхэр гъэзэщIа хъумэ, шэч хэлъкъым гъуэгу фэбжьхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхунэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

•Лэскэн куей

Пашэхэм я Iуэху зехьэкIэр

Анзорей къуажэм щыIэ «Налмэс» мэкъумэщ фермер хозяйствэмрэ «Лэскэн консерв завод» ООО-мрэ республикэм и Iэнатlэ пашэхэм ящыщ. Заводыр 2000 гъэ дыдэрэ хадэхэкIэхэм ноджкъ, гъэ кьэси я зэфIэкIым белджылыуэ хегъахьуэ. Щыхьэту уринкъунщ Москва къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа «Бжьыхьэ дыщафэ» урысейпсо агропромышленнэ гъэгъэзэгъэныгъэм абы игъэхьэзыр томатхэм дыщэ медаль кьызэрыщыхуагъэфэщар.

«Лэскэн» ООО-м и унафэщI Къэрашэ Арсен.

Нэхъапэм «Лэскэн консерв завод» ООО-мрэ «Налмэс» мэкъумэщ фермер хозяйствэмрэ зы Iуэхущ Iапlэу щытащ, ауэ, къапэщIыта кьалэнхэр зэрызэкъуэмыдэм кьыхэкIкIэ, дэтхэнэми Iэнатlэ щхьэкъу хьумэ нэхъ кьыщтащ. Апхуэдэу щытми, заводым и Iуэхур дёгъкI зэлажь кьалэхкIэр, нэгъэщIэ кьэкIыпIэхэр ещанэ егъэщIыпIауэ лажьэ «Налмэс» КФХ-мкIэ. Къэбгъэльагъуэмэ, зи гугъу тщы хозяйствэм мы гъэм гектари 120-рэ зэрихьащ. Абы щыщу гектар 60-м гуэдз трасати, ягъэбгъэщащ, икIи зы гектарым хуэзэу центнер 45-рэ кьытратащ. Гектар 40-м нащэ, помидор, нагъэгъэфIыудэхэр щащIащ, 20-м юрох щагъэкIащ. КьыщыпэмыщIауэ, заводыр бэджэндырыплажьэхэми яныщIащ.

- ДызэрызэгурыIуэм хуэдэу, бжьыхьэндырыплажьэхэр кьагъэкIыну жылапхъэхэмрэ ахэр зэрыщрасэну техникэмкIэ кьызэдгъэпэщащ. Нащэмрэ помидорымрэ абыхэм я дежь кьыщыщIэтэ. Шыбжий сырыр, горох гъэгъуазэр Ростов областым кьыдош, шыбжий IэфIыр ди дежь кьыщыдощхэр. Мы гъэм нащэрэ помидорэу тонн 1200-м, кабачиуэ тонн 400-м, юрох щхьэнтIэу тонн 70-м делэжьащ. Нэхьыбэ нащэ, помидор, «ассорти» нащэ-помидор зэхэлъым хуэдэхэр дгъэфIэIуащ, томат пластэхэр, томатыпсэхэр тщIащ, горох щхьэнтIэхэр банкIэм нтIльхьащ, жеIэ ООО-м и унафэщI Къэрашэ Арсен. - Апхуэдэу мы гъэм япэ дыдэу кабачкием кьыхэщIыкIа нэкъульхэр дгъэхьэзыращ. Нэхьапэм Солдатскэ станицэм дэт консерв заводым и закъуэт апхуэдэ шхыныгъуэ кьыщIэзыгъэкIыну щыIэр. Иджы Бахъсэн кьаэрщ а консерв лIэужьыгъуэр щащIыр. ЩIэупщIэшхуэ зэриIэм кьыхэкIкIа, дызэрелажьэм ЩэнхабзэмкIэ сымэхэр кьэтщэхурн, бадзэуэгъуэ наазэм ахэр гъэхьэзырын щIэздзащ.

Заводым кьыщIигъэкIыжьыныгъуэхэр нэхьапэм литриищ хьыдрокIа ирагъахьэу щытащ. Иджы Европэм кьыщагъэсэбэп «твистоффэ» банкI цIыкIуэм ирагъэзагъэ. Иращыла зэгуфIыкIыжьа, производственнэ зэпэщIэтыныгъэ зэхуэдэ Iэнатlэм еты кIуэу я къалэнхэм пэрытхэр ди лэжьыгъуэр щащIыр. Щэнхабзэм и сэнаторэ Къэрашэ Арсен. - Дэтхэнэми Iуэхум хуэIэижьщ, жэуапльныгъэшхуэ хэлъу зи къалэнхэм пэрытхэр ди лэжьыгъуэр щащIыр. ЩIэупщIэшхуэ зэриIэм хьэхэкIкIэ, дызэрелажьэм ящыщ Щауэжь Мурат, агроном Щауэжь Мухьэдин, стерилизатор Безрокуэ Юрэ, технолог нэ хьышхъэ Зэман Азад, бригадир Щаулъэжь Гуащэ, техникэ кьуда зэмэм и унафэщI Щауэжь Нурбий, цехым и унафэщIым и кьудэ Жьалэхьэ ж Антэр сымэ. Iэжьыгъэ кодексым зэритым хуэдэу, зы сменэр сыхьэтинкIэ лажьэу арац, Нащэмрэ помидорымрэ иджыпсту куэду зэрыщIэмыIэжьым кьыхэкIыжьу, зы сменэм дыхуэхэкIуэжауэ долажьэ. Иджыпсту салат зэрыщIауэжьыгъэжьр дызэрэзэзыр. Ахэр зэфIэкIмэ, мыIэрысэпс щIэдгъэзыжьнущ. Илъэсыщ1эр кьэбгъэгъэхуэ зэпыдмыгъэуэ дыда жьэну ди мурадщ. КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм кьалэн кьыщыщIахэр кьыхыхуэтъынщхьэ Iэ гъэзащIэ. Пэгъабгъэрэ ебгъапщэмэ, мы гъэм хуэди 2-3-кIэ нэхьыбэ кьыщIэдгъэкIащ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Банкыщхьэхэр тезыIантIэ Кабалоевэ Маринэ.

Цехым и мастер Жылэхьэж Анзор.

•Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

•Тэрч куей

ХэкIыпIэхэр щыIэщ

Джыдахьстэнэйм гулъытэ щхьэхуэ щыхуащIынущ гъуэгу фэбжьхэр къэмыгъэхъунэм. Абы папщIэ зэфIагъэкIынхэм ящыщу иджыблагъэ Тэрч къалэм и уэрамхэм светофор 6 щIэуэ щагъэуващ.

КЪУЭХЭГЪЭЩIПХЪЭЩ мы куейм щызекIуэ транспорт бжыгъэм кIуэ пэмми зэрыхъуэр. Район унафэщIхэм къызэралытэмкIэ, щыналъуэ кьащIэ махуэ къэс нэхьыс 14 - 15 щатх кьалэ ЗАГС-м къекIуалIэхэм хабзэр кьыщэпызыуд мымащIэу кьаэзрыхэкIым.

Куэду зэгъуэзу, зэрыгъэкIийуэ уэрамхэм ирижъ машинэхэм цIыхухэр гугъу ирамыгъэхьу пхужьыIэнукъым. Урысейм и кьалэ нэхь инхэм апхуэдэ нэчыхь тхыкIэхэр зэрыщамыдэжьр икIи абы ехьалIа хабзэ тIкIийэр кьыщэрыщащтар дощIэ. Тэрч районым и администрацIэмэ унафэ кьыщтащ зэрыща къуажэдэс ныбжьыщIэхэм я нэчыщэр ящыкIэр сэу жылагъуэхэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэхэм щыхуатхьыжьын хуейуэ. Абы папщIэ Тэрч кьалэ ЗАГС-м и лэжьакIуэхэр ираджэн хуей кьудейуэ араш. Апхуэдэ унафэхэр гъэзэщIа хъумэ, шэч хэлъкъым гъуэгу фэбжьхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхунэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

•Палшык къалэ

Я къалэнхэм хагъэгъуазэ

Иужьрей илъэсым ЖКХ-м и Iэнатlэхэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм щIыхуэхэр зэрэ хабзэхэм щIэ куэд халъхьащ.

КЪАПЩГЪЭМЭ, паспортымкIэ къудамэр зыхьыхьэу щыта ЖЭК-м и пIэкIэ унэр ТСЖ-м иратыжамэ, сыт хуэдэ щIыкIэкIэ фэтэрыщIэм зэрызыщебгъэтэхьыну? Ещхьыркъабзэуи зыкъыщIебгъэтхыкIыжыни хуейщ. А Iуэхухэм щIыкIэлъаIуэхьурэ, щIыхуэхэм зэманыщхьэ яфIокIуэд. ЖЭК-хэм япIэкIэ къэунэхуа управляющэ компание, ТСЖ куэдыкIейхэм я унафэщIхэр щыгъуэзэкъыжьу зэрыщытым. Абы къыхэкIыу Налшык къалэм и щIыпIэ администрацIэм фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ управляющэ организацIэхэм я Iэтащхьэхэм папщIэ семинар-зэIущIэхэр щIэхьыгъэ къызэрегъэпэщ.

АдминистрацIэм и унафэщIым и къуэдзэ Павленко Владимир зэрыжиIамкIэ, ТСЖ-хэмрэ УК-хэмрэ я нэхъыжьхэм я къалэнщ Урысейм IэпхъуэщапхъуэхэмкIэ и Федеральнэ Iуэхущ Iапlэм и щIыналъэ къудамэм ящыгъуэзэжа. А къалэнхэр щIыуэпсыхуащ «Урысей Федерацэм и щIыналъэм зэпымыууэ щыпсэкIуэ Iэнатlэхэр зэратх, къызэрыгъэхьэ хабзэхэр гъэувыныжкIэ» Iуэхуитхьэ гъэбелджылыныжьмрэ я Iуэхущ Iэ» УФ-м и Правительствэм и Унафэм. Хабзэхэм яунэтI ТСЖ-хэмрэ паспорт-визэ Iэнатlэхэмрэ хэхауэ зэрызэдэлэжьыну щыкIэр икIи абыхэм я щхьэхуэр Iэмал имыIэу ящыIэныр. Къызэдгъэпэщ зэIущIэхэм кьырихьэлIэ унафэщIхэм ящыщхэм я къалэнхэр я Iуэхущ Iафэм зэрыхьыжьр кьыщыщIэр ди дежщ. Абы теухуа гъжьагъэм иджыри пытщэнщ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

•ЩIыпIэ щыIэ

Зы жэщым и къэхъукъащIэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iуэхущ Iапlэхэм къальхьыжьу республикэм и щIыхь-хэмрэ экономикэмрэ зэран яхуэхъуа щIэпхьаджагъэ зыбжанэ зыл

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Мелуанырыбжэхэр Украинэм щызэпоуэ

●Хэхыныгъэхэр

Украинэм и президент къулыкъым щIэбзнэм я хэхъуэхэр зэпыщIагъэнтIэгъуэ декларацэ хэр хэIуцIыну ящIащ. Цыхъубэм и пащэ хъунУ нэхъ Iэмал зиIэхэм ящыщу тIур мелуанырыбжэщ, зыр тхьэмыщкIыафэ зытезыгъэуа тхьэIухуащ.

ТХЬЭМЫЩКIАФЭ зытезыгъэуа тхьэIухуду «Мэджэгу» Тимошенкэ Юлие. Киев и Iэгъуэблагъэхэм щыIэ щыпIэ нэхъыфI дыдэм щауха унэ абрагъуэм щыпсэу, дунейм и щыгъын нэхъ пIащIэхэр щызыгIагъэ бзыльхугъэ цыкIум хэхакIуэхэм къащигъэхъуну хуеищ унэр бэджэнду иныгъыу, фэпльхьагъуэхэр унагъуэр зэрыщыту зэхъыхьэурэ къыхуащхуу. Тимошенкэ ильэсым иIа хэхъуэр зэрыхьур доллар мин 47-рэщ. Ар иджыпсту зыпэрыт премьер-министр къулыкъым къыпэкIуэ улахуэрщ. Ахъшэ хъумапIэхэм Тимошенкэ гъэтIылъыгъэ щIэкъым. Ильэсым къриубыдэу и унагъуэм зэрыщыту хэхъуэу кынхьэр зэрыхьурэ доллар мин 341-рэщ. Ар Юлие и щхьэгъуэр зэфIэкI хъарзынэ зиIэ хьэрычэтыщIэу зэрыщытым щхьэкIэ къымынэу.

И хьархуэрэгъуэ епльыпIэмэ, Украинэм и нобэрей президент Ющенкэ Виктор хэпщIыкIыу нэхъ кьулейщ. Абы къигъэльэгъуа декларацэм тепщIыхьмэ, ильэсым иIа хэхъуэр доллар мин 126-м нос. Абы щыгъуэми президентыгъэм илъэс къэс щы гектарр мин 7-щ, автанспортыр мин 3-щ, ауэ ар ящIащ мин 365-рэ, 2004 гъэм ар зэрыхъуар доллар мин 7-щ, автанспортыр иIакъым.

Зи гугъу тщIаптIэм нэхъри нэхъ кьуележщ оппозиционер нэхъыщхьэ Янукович Виктор. Абы доллар мин 592-рэ къигъэльэгъуащ. Янукович зэрыжиIэмкIэ, хэхъуэм и нэхъыбэр - доллар мин 300-м щIигъур - Донецк щиIа псэуалъэр зэрищам кьыпэкIуащ. Абы и пIэкIэ щIым щыт унэ хъарзынэ Киев кьыщицэхуащ. Хъышэ хъумапIэм Янукович щIыгъщ доллар мин 116-рэ. И щIэкIэ щытщ метр зэбгъуэзнатIэ 619,6-рэ хъуэ псэунIэ унэрэ зэбгъуэзнатIэ 240-м нэблагъэ зи инагъ фэтэррэ. ЯщыныгъэмщIауэ, гаражитI иIэщ, ауэ иджыри автомашинэ кьыщэхуакъым. И щхьэгъуэмэн кьилэжьыр мащIэ дыдэщ - ильэсым зэрыхьуар доллар мин 3-щ.

Президент къулыкъым щIэбзнэм я декларацэхэм тепщIыхьмэ, абыхъэм иIэр куэд дыдэ хъуркъым. Ауэ ар кьагъэльэгъуаращ. Адрейхэр, цыхухэм зэращIэщ.

Тимошенкэ Юлиерэ Ющенкэ Викторрэ.

